# मैथिली

## प्रश्न-पत्र–I

## ( साहित्य )

समय : तीन घंटा | पूर्णाङ्क : 250

**प्रश्न-पत्र विषयक विशेष निर्देश**

**प्रश्नक उत्तर लिखबाक पूर्व कृपया निम्नलिखित निर्देशकेँ सावधानीपूर्वक पढ़ि लियऽ**

एतय दू खण्ड (Section)मे विभक्त कुल **आठ** प्रश्न अछि।

अभ्यर्थी कुल **पाँच** प्रश्नक उत्तर देथि।

प्रश्न संख्या **1** तथा प्रश्न संख्या **5** अनिवार्य अछि। शेष प्रश्नमेसँ **तीन** प्रश्नक उत्तर लिखू, जाहिमे प्रत्येक खण्ड (Section)सँ कम-सँ-कम **एक** प्रश्नक चयन आवश्यक अछि।

प्रश्न/खण्डक निर्धारित अंक ओकरा समक्ष निर्दिष्ट कयल गेल अछि।

उत्तर **मैथिलीमे** लिखब अनिवार्य अछि।

जतय निर्दिष्ट हो, शब्द-सीमाक अनुपालन अपेक्षित अछि।

उत्तरित प्रश्नक गणना क्रमानुसार कयल जायत। यदि काटल नहि गेल हो, तँ अंशतः लिखित उत्तरोकेँ गणना कयल जायत। प्रश्न-सह-उत्तर पुस्तिकाक कोनो रिक्त पृष्ठ अथवा कोनो पृष्ठक रिक्त भागकेँ अवश्य काटि दी।

# MAITHILI

## PAPER—I

## ( LITERATURE )

Time Allowed : Three Hours | Maximum Marks : 250

**QUESTION PAPER SPECIFIC INSTRUCTIONS**

**Please read each of the following instructions carefully before attempting questions**

There are EIGHT questions divided in two Sections.

Candidate has to attempt FIVE questions in all.

Question Nos. **1** and **5** are compulsory and out of the remaining, THREE are to be attempted choosing at least ONE from each Section.

The number of marks carried by a question/part is indicated against it.

Answers must be written in MAITHILI.

Word limit in questions, wherever specified, should be adhered to.

Attempts of questions shall be counted in sequential order. Unless struck off, attempt of a question shall be counted even if attempted partly. Any page or portion of the page left blank in the Question-cum-Answer Booklet must be clearly struck off.

## SECTION—A

**1.** निम्नलिखित विषयपर टिप्पणी लिखू (लगभग *150* शब्दमे) : 10×5=50

(a) भारोपीय भाषा परिवारक महत्त्व

(b) भाषाक विशेषता ओ प्रवृत्ति

(c) भाषा वैज्ञानिक सुभद्र झा

(d) प्राक्-ज्योतिरीश्वर कालक परिचय

(e) सर्वनामक भेद ओ विश्लेषण

**2.** (a) अब्राहम ग्रिअर्सनक मैथिली व्याकरण ओ भाषा वैज्ञानिक कृतिसँ परिचय कराउ। 20

(b) आधुनिक भारतीय भाषासमूहमे मैथिलीक स्थान निरूपित करू। 15

(c) भाषाक काल-विभाजनक अनुसार मैथिली साहित्यक आधुनिक कालक विषय-वस्तुसँ परिचय कराउ। 15

**3.** (a) भाषाक आकृतिमूलक वर्गीकरण करैत ओकर उपयोगिता सिद्ध करू। 20

(b) उड़िया ओ असमियाक संग मैथिलीक पारस्परिक सम्बन्धक विवेचन करू। 15

(c) मैथिली भाषाक विकासमे प्राकृत ओ अवहट्ठक योगदानक उल्लेख करू। 15

**4.** (a) मैथिलीक क्रियापदसँ परिचय कराउ। 20

(b) भाषा ओ बोलीमे अन्तर स्पष्ट करैत बोलीकेँ भाषा बनबाक कारणक उल्लेख करू। 15

(c) तिरहुता लिपिक महत्त्व ओ विभिन्न रूपक वर्णन करू। 15

## SECTION—B

**5.** निम्नलिखित विषयपर टिप्पणी लिखू (लगभग *150* शब्दमे) : 10×5=50

(a) मिथिलाक धार्मिक परम्परा

(b) आदिकालक उपलब्ध सामग्री

(c) 'वर्णरत्नाकर'क विषय-वस्तु

(d) अंकीया नाट

(e) लोकगाथा

6. *(a)* ''चर्यापद मैथिलीक सम्पत्ति थिक''—प्रमाणित करू। 20

*(b)* प्राक्-विद्यापति साहित्यसँ की तात्पर्य? विवेचन करू। 15

*(c)* विद्यापतिक परम्परामे किछु प्रमुख कविक रचनासँ परिचय कराउ। 15

7. *(a)* ''मध्य काल मैथिली साहित्यक नाटकक युग अछि''—विवेचन करू। 20

*(b)* लोक साहित्यक प्रमुख विधा लोकगीतसँ परिचय कराउ। 15

*(c)* स्वातंत्र्योत्तर मैथिली उपन्यासक विकासक रूपरेखा प्रस्तुत करू। 15

8. *(a)* आधुनिक मैथिली साहित्यक विकासमे अनुवादक भूमिकाक उल्लेख करू। 20

*(b)* वर्त्तमानमे प्रकाशित मैथिलीक पत्र-पत्रिकासँ परिचय कराउ। 15

*(c)* मैथिलीमे समीक्षाक वर्त्तमान स्थितिसँ अवगत कराउ। 15

★★★